

Mizajou pou admisyon nan lekòl presegondè

Chè Fanmi,

Èske pitit ou a nan klas 5yèm ane kounye a (oswa dènye klas lekòl primè li, si li diferan)? Si se sa, li pral aplike nan lekòl presegondè ane sa a! Atravè admisyon nan lekòl presegondè, nou angaje nou pou bay enfòmasyon ak sipò w bezwen.

Peryòd aplikasyon lekòl presegondè a pòko kòmanse. Nou ap ba w plis enfòmasyon sou kalandriye admisyon an pi ta otòn sa a.

Men sa w ka fè kounye a:

- Aprann plis enfòmasyon sou admisyon nan lekòl presegondè! Resevwa dènye mizajou yo epi gade videyo sou pwosesis admisyon an nan [sitwèb](#) nou an.
- Chèche enfòmasyon byen detaye sou lekòl ou enterese, epi chèche lekòl dapre kou yo ofri, lokal, espò, ak plis aktivite nan [Anyè lekòl presegondè MySchools](#) la. Tanpri sonje enfòmasyon nan anyè sa a reflekte pwosesis admisyon ane pase epi li ka chanje; enfòmasyon ki pi resan sou lekòl la ap disponib lè peryòd aplikasyon lekòl presegondè a kòmanse.
- Fè yon lis pwogram ki enterese w.

Kisa k ap fèt apre?

Pi ta nan otòn sa a, fanmi lekòl leta yo pral resevwa yon lèt byenveni pèsonalize pa lapòs, k ap gen ladan yon sèl kòd pou aksede kont MySchools pitit ou. Ou ap kapab mande lèt sa a tou nan lekòl leta pitit ou a ye kounye a. Elèv lekòl prive yo ka kontakte yon Sant byenveni pou fanmi [Family Welcome Center](#) pou jwenn youn —tanpri ki fè konnen lèt yo disponib. Nou ap fè w konnen lè lèt yo nan wout.

Avèk respè,

Ekip admisyon nan lekòl presegondè, Biwo enskripsyon elèv

Depatman Edikasyon Vil Nouyòk